

# Rekonstriksyon River Street

## Rankont Piblik # 1:

Madi 26 Mas 2019

6:00 PM – 8:30 PM

Sant Kominotè Cambridge - Jimnazyòm  
5 Callender Street (Sou Howard Street toupre Western Avenue)

## VIN DI NOU SA OU PANSE!

Pwojè Rekonstriksyon River Street nan Vil Cambridge la pral modifiye egou sanitè a, enfrastrikti dlo lapli ak dlo anbatè pandan y ap devlope konsepsyon yon nouvo sifas pou River Street, zòn tèminal bis la nan River Street ak Magazine Street toupre Central Square, ak Carl Barron Plaza nan kafou Massachusetts Avenue ak Western Avenue. **Nou bezwen opinyon ou!**


Tanpri vin patisipe ak nou nan premye rankont piblik nou pou pale sou pwojè a, pwosesis la, ak di nou kisa ou renmen ak sa ou pa renmen ak River Street. Pral gen anpil enfòmasyon sou pwojè a, ak yon pakè manm pèsònèl ki disponib pou reponn kesyon.

**\*Minisipalite Vil Cambridge ap ofri gadri pou moun ki gen timoun yo.**

**Pòt yo ap louvri a 6:00 PM, pou manje, ti bwason, ak pou gade enfòmasyon sou pwojè a.**

**Prezantasyon an ap kòmanse a 6:30 PM.**

**Tanpri kontakte Vil la omwen 48 èdtan davans pou fè aranjman pou tradiksyon.**



Èske ou pa ka vini nan reyinyon an? Kite kòmantè sou River Street ak Carl Barron Plaza sou entènèt nan [www.cambridgema.gov/riverstreet](http://www.cambridgema.gov/riverstreet) .

Si w gen nenpòt kesyon konsènan pwojè sa a oswa reyinyon k ap vini an, tanpri rele 617-349-6012 oswa voye yon imèl bay [riverstreet@cambridgema.gov](mailto:riverstreet@cambridgema.gov) .

*Vil Cambridge pa fè diskriminasyon ki baze sou andikap. Minisipalite Vil La ofri èd ak sèvis oksilyè, dokiman ki ekri nan lòt fòm epi yo responsab pou modifikasyon nan politik ak pwosedi pou moun kalifye ki gen andikap depi yo mande sa 48 èdtan davans.*